**दिन—बुधवार** **दिनांक—30.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्र सरकार देश मे जाति जनगणना करेबाक निर्णय कयलक अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक अध्यक्षता मे आइ भेल केन्द्रीय कैबिनेटक बैसार मे एहि संबंध मे प्रस्ताव स्वीकृत भेल। केन्द्रीय मंत्री अश्विनी वैष्णव मंत्रिमंडलक बैसारक बाद पत्रकार लोकनि के एहि निर्णयक जनतब दैत कहलनि जे जाति जनगणनाक काज आम जनगणनाक संग कराओल जायत। श्री वैष्णव कहलनि जे एकर उद्‌देश्य समाजक सभ वर्ग धरि सरकारक योजनाक लाभ हुनक आवश्यकताक अनुरूप पहुंचेबाक अछि। श्री वैष्णव कहलनि जे मंत्रिमंडल वर्तमान चीनी मौसम दू हजार पच्चीस छब्बीस लेल कुसियारक उचित आ लाभकारी मूल्य तीन सय पचपन टाका निर्धारित कयलक अछि। ओ कहलनि जे ई बेंचमार्क मूल्य थिक, जाहि सँ कम पर कुसियार नहि कीनल जा सकैत अछि। एम्हर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी केन्द्र सरकार के जातिगत जनगणना के निर्णय के स्वागत कयलनि अछि। राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे हमरा लोकनि तीस वर्ष सँ जाति जनगणनाक मांग करैत छलाह। एहि सँ समाजवाद के जीत भेल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ केन्द्रीय खेल मंत्री मनसुख मांडविया चारि मई के पटनाक पाटलिपुत्र खेल परिसर मे खेलो इंडिया मे यूथ गेम्सक शुभारंभ करताह। समारोहक आयोजन संध्या छओ बजे शुरू होयत। एहि समारोह मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक वीडियो संदेश सेहो प्रसारित कयल जायत। देशक सभ सँ पैघ खेल आयोजनक उद्‌घाटन समारोह मे कतेको नामी कलाकार अपन सांस्कृतिक प्रस्तुति सेहो देताह। एकर अतिरिक्त प्रसिद्ध खेलाड़ी लोकनि सेहो आयोजन मे भाग लेताह। पन्द्रह मई धरि पटना, गया, भागलपुर, राजगीर, बेगूसरायक अतिरिक्त दिल्ली मे आयोजित एहि खेल आयोजन मे देशभरि सँ साढे आठ हजार सँ बेसी खेलाड़ी आ डेढ हजार सँ बेसी खेल प्रशासक भाग लेताह। खेलो इंडियाक अंतर्गत अट्‌ठाईस अलग—अलग प्रकारक खेल प्रतिस्पर्धा होयत। एहि क्रम मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ गया मे युथ गेम्सक आयोजनक तैयारीक निरीक्षण कयलनि।

---

बिहार समेत चारि राज्यक निर्वाचन पंजीकरण अधिकारी आ बीएलओक दू दिवसीय प्रशिक्षण शिविर आइ सँ नव दिल्ली मे शुरू भऽ गेल। मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार एहि क्षमता निर्माण प्रशिक्षण कार्यक्रमक उद्घाटन कयलनि। ई प्रशिक्षण कार्यक्रम निर्वाचन आयोगक अगामी विधानसभा चुनावक तैयारीक हिस्सा अछि।

---

अक्षय तृतियाक पर्व आइ श्रद्धा आ उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। आजुक दिन बड्ड शुभ मानल जाइत अछि। अक्षय तृतिया के लऽकऽ प्रदेश मे विभिन्न स्थान पर लोक गंगा आ आनो पवित्र नदी मे स्नान कऽ दान–पुण्य कयलनि। हमर दरभंगा संवाददाता जनौलनि अछि जे कतेको श्रद्धालु आइ लोकसभ के शरबत सेहो पियौलनि। एहि अवसर पर जिलाक बद्रीनारायण मंदिर, श्यामा मंदिर समेत आनो मंदिर मे श्रद्धालुक भीड़ देखल गेल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एक सोशल मीडिया पोस्ट मे लोकसभ के अक्षय तृतियाक शुभकामना दैत कहलनि अछि जे मानवता के समर्पित ई पावनि सभक लेल सफलता समृद्धि आ खुशी लऽकऽ आओत।

---

अक्षय तृतियाक पवित्र अवसर पर आइ उत्तराखंडक उत्तरकाशी जिला मे गंगोत्री आ यमुनोत्री मंदिरक कपाट खुलबाक संगहि चारि धाम यात्रा सेहो शुरू भऽ गेल। वैदिक मंत्रोच्चार आ आनो धार्मिक अनुष्ठानक मध्य कपाट खोलल गेल। दोसर दिस केदारनाथक कपाट शुक्र के खुलत जखनकि बद्रीनाथक कपाट रवि के खुलत।

---

आइ बाल श्रम उन्मूलन दिवस अछि। बाल श्रमक विरूद्ध लोकसभ के जागरूक करबाक आ चौदह वर्ष सँ कम उमिरक बच्चा के बाल श्रम सँ मुक्त करेबाक उद्देश्य सँ प्रतिवर्ष ई दिवस मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां अपन संदेश मे कहलनि अछि जे बाल श्रम के रोकय मे सरकारक संग–संग राज्यक नागरिक आ

आनो हित धारकक महत्त्वपूर्ण भूमिका अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन संदेश मे कहलनि जे बाल मजदूरी के जड़ि सँ समाप्त कऽ बच्चा सभ के स्कूल पठेबा मे अपन योगदान दी।

———————————————————————

ग्रामीण कार्य मंत्री सह जिलाक प्रभारी अशोक चौधरीक अध्यक्षता मे सीतामढ़ी समाहरणालय सभाकक्ष मे विभागीय योजना सभक प्रगतिक समीक्षा भेल। एहि क्रम मे अधिकारी लोकनि के लंबित परियोजना के शीघ्र पूरा करबाक निर्देश देल गेल।

———————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकांश भाग मे आइयो अन्हर, बरखा हेबाक संगहि ठनका खसबाक स्थिति बनल अछि। मौसम विभाग प्रदेशक उत्तर—पश्चिम आ दक्षिण—पश्चिम भाग मे कतेको ठाम तेज हवाक संग बरखा हेबाक आ किछु स्थान पर ठनका के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।